# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# नहेम्याह क महान दीवार


लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Jonathan Hay

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: Mary-Anne S.


कहानी 35 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children***, *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri

फारस, एगो शक्तिशाली राष्ट्र, दुनिया पर राज कइलस; अउर राजा अर्तक्षत्र फारस देश पर राज कइलें। इहे उनके दुनिया क ताकतवर शासक बना दिहलस। राजा की महत्वपूर्ण सहायकन में से नहेम्याह नाम क एगो यहूदी आदमी रहल। उनकर काम संभव जहरीला खाना से राजा क रक्षा खातिर राजा की भोजन के पाहिले चीखल रहल।



1

एक दिन, नहेम्याह बहुत उदास चेहरा की साथ राजा की सामने अइलन। राजा जानल चाहत रहलन कि उनकरी साथ का भइल बा। "हे राजा, तूं सदा जीवित रहअ" नहेम्याह कहलन; "हम दुखी ए खातिर बानी काँहे से कि हमरी जन्म भूमि जहाँ हमार बाप दादा दफन कइल गइल बाने, उहाँ क शहर खंडहर अउर ओकर फाटक ज़रा दिहल गइल बा।" नहेम्याह यरूशलेम की बारे में बात करत रहलन, जेवन कई साल पाहिले युद्ध की दौरान नष्ट कर दिहल गइल रहे।



2


राजा अर्तक्षत्र पूछलें, "तू का चाहत बड़अ की हम करीं?" नहेम्याह निवेदन कइलन, "हमके यरूशलेम जाये द ताकि हम ओकर पुनर्निर्माण कर सकीं" राजा अर्तक्षत्र ओपर कृपा करके सहमत हो गोइलें। उ उनकी यात्रा की दौरान दुश्मनन से बचवला खातिर नहेम्याह के एगो आधिकार पत्र भी दिहलन।
3


राजा उनके अउर भी अधिक मदद कइलन। उ नहेम्याह के आसाप राजा की जंगलन की रक्षक की खातिर भी एगो पत्र दिहलन। नहेम्याह के शहर की दीवारन क निर्माण कइला की खातिर जेतना लकड़ी क आवश्यकता रहल; आसाप के उपलब्ध करवला क आदेश दिहलन।
4


जब नहेम्याह यरूशलेम में पहुंचलन, उ शहर की अधिकारी लोग के इकट्ठा कइलन अउर कहलन, "हम सब इहाँ मुसीबत में बनी जा"। शहर खंडहर अउर फाटक जरा दिहल गइल बा।
5


"आवअ हमनी क एकर पुनर्निर्माण शुरू करल जा" उ कहलन कि राजा अर्तक्षत्र मंजूरी दे दीहले बाने अउर सबसे महत्वपूर्ण बात ई बा कि प्रभु परमेश्वर हमारी ओर बाने।
6


नहेम्याह की आस्था अउर उत्साह लोगन के प्रेरित कइले होई। उ ए पर सहमत भइलें अउर कहलें "हाँ पुनः निर्माण करअब जा"। नहेम्याह, निर्माण कइला की खातिर प्रत्येक परिवार के बतवलन कि ओ लोगन के दीवार की कवना हिस्सा में काम करे के बा।
7


लेकिन, सब लोग दीवार की पुनर्निर्माण खातिर सहमत ना भइले।
8

सम्बल्लत नाम क एगो आदमी, अउर उनकर दू गो दोस्त तोबियाह अउर गेशेम, यहूदी ना रहलें अउर वे दीवार क पुनर्निर्माण या फाटकन के निर्माण कईल ना चाहत रहलें।



9

जइसे जइसे काम चलत गइल, वइसे वइसे सम्बल्लत बहुत नाराज होत गइल। उ अपनी दोस्तन की संगे यहूदियन के मज़ाक उड़वलस। तोबियाह कहलस, "जब उ ए छोटकी दीवार क निर्माण ख़त्म कर लीहन, तब यदि एगो छोटकी लोमड़ी भी ओ के गिराके टुकड़ा टुकड़ा कर देई।"



10

नहेम्याह जवाब ना दिहलन। एकरी बजाय, उ परमेश्वर से प्रार्थना कइलन कि उ उनके साथ न्याय करें।



11

जब उनकरी मजाक की अपमान का केहू पर प्रभाव ना पड़ल तब उ यरूशलेम की खिलाफ लड़े खातिर अउर जेतना हो सके ओतना परेशानी क कारण बने खातिर एक साथ साजिश रचलें।



12

फिर, नहेम्याह परमेश्वर की मदद खातिर प्रार्थना कइलें। उ एगो पहरेदार के दिन रात खातिर रखलें ताकि ओ लोगन के कवनो नाया वारदात से आश्चर्य न होखे।



13

यहूदी लोग थकला जइसन बहुत कड़ा मेहनत कइलें। जबकि उ डेरात रहलें कि काम कइला की वक्त कुछ दुश्मन आ न जॉव अउर ओ लोगन के मार न डालें। फिर भी, नहेम्याह निर्माण क काम बंद ना कइलन। उ मजदूरन की आसपास चौकीदारन के रख दिहलन अउर ओ लोगन के याद दियवलन कि परमेश्वर उनकरी पक्ष में बाने अउर उ कवनो भी दुश्मन से अधिक शक्तिशाली हउवें!



14


नहेम्याह एगो अच्छा उदाहरण बने क कोशिश करत रहलन। राजा अर्तक्षत्र उनके यरूशलेम क राज्यपाल बना दिहले रहलन, उ अधिकार की साथ लोगन से भोजन अउर पैसे मांग सकत रहलन, लेकिन उ अइसन ना कइलन।
15
उ सिर्फ दीवार निर्माण करे वाला लोगन की साथ मिलके कड़ा मेहनत कइलन। उ खाना खरीदे खातिर आपन खुद क पैसा क इस्तेमाल कइलन।
16
अंततः, लोग दीवार बनावल ख़त्म कइलें, अउर खाली मुख्य दुवार में दरवाजा लगावल रहल। जब सम्बल्लत, तोबियाह अउर गेशेम ई सुनलन कि अब दीवार में कवनो दरार नइखे बचल; उ लोग नहेम्याह क नुकसान पहुँचावे खातिर योजना बनवलें।
17
उ लोग ओनो नामक स्थान पर मिले खातिर नहेम्याह के एगो संदेश भेजलें। लेकिन नहेम्याह जानत रहलन कि उ सब उनके नुकसान पहुँचावे की खातिर शहर की बाहर बोलवला क चाल चलत रहलें। उ ई लिखवा भेजलें कि काम छोड़के, यात्रा कर के ओ लोगन से मिले ना जइहन।
हम आ ना सकी ना।
18
अंततः दीवार की निर्माण
क काम समाप्त हो गइल, ...
19
... अउर नहेम्याह एके बचवला की
खातिर पहरेदारन के लगा दिहलन।
20













नहेम्याह क महान दीवार

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

नहेम्याह

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा
जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा
यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के
पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक
गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ
बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी
खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ
ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि
हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह
सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह
रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !